

## ЦÆСГОНГИН КА НÆЙ, УОМÆН Æ АРДБАХУÆРД ДÆР ÆМА Æ СОМИ ДÆР – НЕЦИ!..

***Василий РОЗАНОВ (1856-1919), философ, финсæг: «Рæстдзийнадæ хорæй дæр, аргъæй дæр, Хуцауæй дæр уæлдæр æй, уомæн æма Хуцау рæстдзийнадæй ку нæ райдæдтайдæ, уæд Хуцау нæ уайдæ, арв дæр айдагъдæр цъифдзаст уидæ, хор ба – æрхи тас...» Загъд бæргæ раст æй, фал ма зæнхæбæл цард дæр рæстдзийнади æгъдаубæл арæзт ку цæуидæ...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№35 (860) 2022 анзи 14 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман




# «ХОР ТАВУЙ, ХУМÆГÆНÆГ – ТАУЙ!..»

Æцæгæйдæр, цæйбæрцæбæл зæрдтагон æй, хор ку тава, хумæгæнæг ба уодциренæй æ тауни хабæрттæ ку кæна, е!.. Уотемæй ирæзуй нæ царди фарнæ, разæнгарддæрæй аразæн нæ карни райдзастдæр исонибон.

Аци загъд ма уотæ дæр лæдæрун æнгъезуй, æма нин хор кæд нæ еугуремæн дæр еумæйаг æй, хумæгæнæг ба ни алкедæр кæд хецæнæй æй, уæддæр хумгæндæ ба нин еумæйаг æй, еумæйагæй си хъиамæт кæнæн, уомæ гæсгæ ба ни алкедæр гъæуама тундза æзхуæздæронæй архайунмæ.

Зундгонд журналист æма финсæг **Черчести Хъайтухъи фурт Хъæсболатæн** æ хумгæндæ исфæлдистадæ 'й, æма ин æнтæсуй бæркадгинæй си фæллойнæ кæнун. «Æнтæ... Уогæ ба куд тагъд фæттæхунцæ, куд!» – уотæ райдайуй æ радзурдтæй еуей. Æма, цума, раст æхебæл финсуй, уотæ сæ æнгъæлун æнгъезуй. Лæдæргæ дæр æй, æвæдзи, нæ бакодта, уотемæй æ финддæс æма æртинсæй анзи æхердигæй фæцæнцæ – уал анзи ибæл æнхæст кæнуй 16 сентябри. Уогæ ци 'й æнзтæн уотид сæ бæрцæ!.. Сæйраг дæр æй, фæззигон хуарæфснайæнти хузæн си ци тиллæг æрæмбурд кæна адæймаг, æ зæрдæ си цæмæй рохс кæна, е. Æма уæхæнæй ба Хъæсболати æнзтæ æнхæст æнцæ æнæгъæнæй дæр.

Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн æ бæрæгбони кадæн, æма уой фæдбæл æрмæгутæ ба кæсетæ 5-7-аг фæрстæбæл.

## РАЙЕВГЪУДÆНЦÆ ÆВЗУРСТИТÆ – РАЛÆУДТÆЙ КОСУНИ РÆСТÆГ...




Зундгонд куд æй, уотемæй дууæ боней дæргъи, 10-11 сентябри рацудæнцæ æвзурститæ – æвзурст цудæнцæ нæ республики æвдæймаг фæдздзурди Парламенти депутаттæ, районти æма муниципалитетти депутаттæ, цалдæр рауæнеми ба гъæуон цæрæн рауæнти сæргълæугутæ. Куд исбæрæг æй, уотемæй си архайдтонцæ нæ республики æвзаргутæн сæ 69,9 проценти.

Центрон æвзарæн къамиси бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ фулдæр гъæлæстæ æрæмбурд кодта политикон парти «Еугонд Уæрæсе» – 67,5 проценти, парти «Рæстаг Уæрæсе-Патриоттæ-Рæстдзийнади фарс» – 14,4 проценти, Уæрæсей Федерации Коммунистон парти – 12,5, парти «Фидибæстæ» – 2,2 æма Либерал-демократон парти – 1,58 проценти. Уотемæй республики Парламентмæ уодзæнцæ æртæ политикон фракций. Уагæвæрдмæ гæсгæ æвзурститæй 15 боней фæсте гъæуама уа Парламентмæ равзурст депутатти фиццаг æмбурд.

Еузагъдæй, нæ республики дзиллæ æвзурститæ рæстæг сæ фæндæ загътонцæ æма, се 'ууæнкæй ке фæххайгин кодтонцæ, етæ ба нурæй фæстæмæ бæлвурд архайд æма гъуддагутæй гъæуама байархайуонцæ, цæмæй адæм ма фæффудевгед уонцæ æма си арази уонцæ...

## ИМИСУЙНАГ БОН



## КЪÆРЦГЪОС УОТÆ!..

Евгъуд хуцаубони, 11 сентябри гъæуама бæрæггонд æрцудайдæ фашизми амæттæгти зæрдæбæлдарæн Æхсæндуйнеуон бон. Е нисангонд æрцудæй 1962 анзи Еугонд Нацити Организаций унаффæй æма гъæуама бæрæггонд цæуа сентябри дуккаг хуцаубони.

Фашизм цæйбæрцæбæл фудевгеддзийнадæ 'й, е ба уæлдай гъезæмайрагæй разиндтæй Дуккаг дуйнеуон тугъди рæстæг – уой фудæртæхи бабун æнцæ 55 миллион адæймаги. Советон Цæдеси дзиллитæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути фудракæнддзийнæдтæй бастæлдæнцæ 27 миллион адæймаги.

Фашизми амæттæгти зæрдæбæлдарæн Æхсæндуйнеуон бони советон доги нæ Фидибæсти еугур рауæнти дæр арæзт цудæй берæ аллихузон номерæн мадзæлттæ.

Еци фæткæмæ фæстаг рæстæгути цæмæдæр гæсгæ æргом æздæхт нæбал цæуй. Е æгириддæр раст нæй, уомæн нуртæккæ Еврốпи берæ паддзахæдти нацистон зундирахаст парахатгонд цæуй... **Уой фæдбæл сæрмагонд æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.**

...Зундгонд чехаг финсæг æма публицист Юлиус Фучик (1903-1943) уодуæлдайæй тох кодта фашизми нихмæ, нацистон ахæстдони нифффинста æ номдзуд уадзимис «Репортаж с петлей на шее». Фашизм цæйбæрцæбæл тæссаг æй дуйнейæн, уой лæдæргæй нин нифффæдзахста: «Адæм, æз уæ уарзун! Къæрцгъос уотæ!..» Æ фæдзæхст, баруагæс уи уæд, ахсгиаг æй абони дæр – фашизми хъилма бабæй æгæрæй-æгæрдæр ку хæлеу кæнуй нæ нури цардарæзти.

Уавæр уотæ 'й, æма, æцæгæйдæр, гъæуама къæрцгъос уæн!..

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2023 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 323 СОМИ ÆМА 64 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 288 СОМИ ÆМА 96 КЪАПЕККИ.**

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

***Нæ республики Фæсевæди гъуддæгути фæдбæл Комитет куд игъосун кæнуй, уотемæй арæзт цæуй конкурс барвæндондзийнади (волонтерство) къабази Цæгат Иристони Сæргълæууæги премии райсуни фæдбæл. Хабæрттæ бæлвурддæрæй базонæн ес сайти: //kdm.alania.gov.ru, хайадæ «Документтæ».***



**АЙДАРТИ Алинæ,**
**республики фæллойнæ æма социалон райрæзти министр**

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...

– Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей Президент Владимир Путини Указæй нисангонд æрцудæй кадгин ном «Мадæ-Бæгъатæр». Æма ‘й аккаг кæндзæнæнцæ, тæккæ минкъийдæр дæс сувæллони кæмæн исæнтæстæй æма сæ ка исгъомбæл кодта, еци мадтæлтæн. Сæрмагонд хуæрзеуæги хæццæ ма син лæвæрд цæудзæнæй миллион соми. Аци ном цитгийнаг уодзæнæй иннæ кадгин нæмттæ – «Уæрæсей Федераций Бæгъатæр» æма «Уæрæсе Федераций фæллойни Бæгъатæр»-и – æмбæрцæ. Цæгат Иристони цæрæг силгоймæгтæй еци ном нерæнгæ бал лæвæрд æрцæуйдзæнæй дууадæс æма инсæйемæн.



**Национ проект «Ахурадæ»-йи ахсгиаг хæйттæй еу æй федералон программæ «Нуриккон скъола». Уой фæрци гъæутæ æма минкъий сахарти ахургæнæндæнтти игонгонд цæунцæ æрдзон-наукон æма технологон къабæзти ахуради Центртæ. Цæгат Иристони аци анз гъæуама игонгонд æрцæуа 22 уæхæн Центри – фæйнæ æртæ – Алагири, Æрæдони, Ирæфи æма Рахесфарси районти, фæйнæ дууæ – Горæтгæрон æма Дигори районти, æхсæз ба – Мæздæги районы. Æрæги «Ирæзти тæлмæ»-йи 16 центри сæ дуæрттæ байгон кодтонцæ скъоладзаутæн.**



**Республики туризми Комитети бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, июнь-июли Цæгат Иристонмæ æрбацудæй 438,3 мин бæлццони. Уонæй 214,2 мини адтæнцæ туристтæ, 224 мин адæймаги, еу бони æмгъудæй экскурсий ка ‘рбацудæй, уæхæнттæ. Фари хæццæ рабаргæй, е фулдæр æй, уæд нæмæ ‘рбацудæй 295,6 мин адæймаги, уонæй экскурсий æрбацæугутæ адтæнцæ 121,2 мин адæймаги. Туристтæ ба – 169,5 мин адæймагти. Бæрæггæнæнти нимад æрцудæнцæ Цæцæнæй, Мæхъæлæй, Дагестанæй æма Гурдзий паддзахадон арæнти сæрти цæуæг адæм.**

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

Уæрæсей Хецауадæ Цæгат Иристонæн федералон бюджетæй уæлæнхасæн радех кодта 48 миллиони æма 803 мин соми республики социалон-экономикон райрæзти мадзæлттæ æнхæст кæнунæн. Уонæй 13 миллиони æма 950 мин соми харзгонд æрцæудзæнæнцæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради проектти-хæрзти гæгъæдитæ искæнунæн, уомæй уæлдай – Мæздæги æма Горæтгæрон районти нæуæг объектти проектти-хæрзти гæгъæдитæ исцæттæ кæнунæн ба – 34 миллион æма 850 мин соми.

* * *

**Туристон-рекреацион комплекс «Мамисон»-и арæзтади нуртæккæ сæйрагдæр æргом æздæхт цæуй ами транспортон æма инженерон инфраструктури фарстатæ æнхæст кæнунмæ. Куд нисангонд æй, уотемæй 2023-2024 æнзти гъæуама исаразонцæ нæдти æртæ объекти. Уой туххæй Уæрæсей Хецауади фæстауæрцон фондæй аци анзæн радех кодтонцæ 865 миллион соми. Æвæрд цæуй фарста, цæмæй 2023 анзи æнхæсткæнуйнаг куститæн федералон бюджетæй радех кæнонцæ 721 миллион соми.**

* * *

Æрæги Хумæллæги байгон æй нæуæг амбулатори. Косдзæнæнцæ си терапевт, педиатр, акушеркæ, æртæ медицинон хуæри. Сæ косæнуæттæ ефтонггонд æнцæ гъæугæ медицинон косæнгæрзтæй.

Куд нисангонд цæуй, уотемæй аци анзи кæронмæ ма Бехъани гъæуи байгон уодзæнæй фельдшерон-акушерон пункт.

* * *

**Нæ республики цæргутæй нуртæккæ æгуст ка ‘й, уонæй анзи райдайæнæй 300 адæймаги рарвистонцæ, уой фæсте син куст кæбæл уодзæнæй, уæхæн дæсниæдтæбæл исахур кæнунмæ. Зæгъæн, национ проект «Демографи»-й фæрци 153 адæймаги исахур кодтонцæ хуæруйнаггæнæгбæл, экскаватори машинистбæл, бухгалтербæл. Паддзахадон программæ «Кустефтонгдзийнадæн агъаз кæнун»-и фæрци ба ма 135 æгуст адæймаги исахур кодтонцæ ауæхæн дæсниæдтæбæл: гид-экскурсовод, конструктор-технолог, гъомбæлгæнæг…**

* * *

Кустефтонгдзийнади службi фæрци аци анз Цæгат Иристони куст лæвæрд æрцудæй 942 æнагъонемæн. Æригæнттæй кусти нил-лæуун ке фæндуй, уони бæрцæ анзæй-анзмæ фулдæр кæнуй. Е уой бæрæггæнæн æй, æма ирæзгæ фæлтæри уодиконди федардæр кæнуй раст зундирахаст, хе хъаурæй карнæ аразунмæ тулавастдзийнадæ. Цуппæрдæс-æстдæс анзи кæбæл цæуй, еци æнагъонтæй беретæ зæрдиагæй архайунцæ мемориалти, æнсувæрон циртити алфамбулай фæзуæттæ æфснайæн кустити. Æригæнттæн кустбæл фæххуæст уни гъуддаги уæлдай лæмбунæг цæстдард цæуй, царди зин уавæрти ка бахауй, уонæмæ, куст син лæвæрд цæуй еугурей разæй.




# АХУР КÆНУНМÆ – НИЙЙЕРÆГИ КАПИТАЛИ ФÆРЦИ

Сувæллонгин бийнонтæн паддзахадон агъази программæ архайун ци бон райдæдта, еци бонæй фæстæмæ 3103 цæгатиристойнаг бийнонтемæн адтæй ниййерæги капиталæй уæлдæр ахургæнæндæнтти хестæр сувæллæнтти ахуради аргъ бафедуни фадуат.

Нæуæг ахури анз райдæдта æма берæ скъоладзаутæ цæгатиристойнаг уæлдæр скъолати студенттæ иссæнцæ, айдагъ е нæ, фал ма бæсти æндæр регионтæмæ дæр ахур кæнунмæ рандæнцæ. Аци студентти хай уæлдæр ахурадæ райсдзæнæнцæ ниййерæги капитали фæрæзнити харзæй.

Цæгатиристойнаг абитуриентти «ахурадон» географи урух æй – ниййерæги капиталæй ахуради аргъ кæми бафистонцæ, Уæрæсей Пенсион фонди республикон хайади номхигъдмæ бахастонцæ бæсти уæхæн раззаг уæлдæр скъолатæ: Мæскуй М.В. Ломоносови номбæл паддзахадон университет, Уæрæсей Президенти размæ адæмон хæдзарадæ æма паддзахадон службi уæрæсейаг академи, Уæрæсей К.А. Тимирязеви номбæл паддзахадон аграрон университет, Адæмти хæлардзийнади уæрæсейаг университет, Петербурги паддзахадон политехникон университет, Ростови паддзахадон арæзтадон университет, Паддзахадон службi сибираг академи, Хонсайраг федералон университет æма æндæртæ.

Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнæн: ниййерæги капитали фæдбæл барæ ке райгурдмæ гæсгæ исæвзурдæй, еци сувæллонбæл æртæ анзи ку исæнхæст уа, уæд ниййерæги капитали фæрæзнитæ бахарз кæнæн ес уæлдæр ахурадæ райсуни гъуддагбæл (уой хæццæ, ахуради райдайæни бонмæ иннæ сувæллонбæл 25 анземæй фулдæр гъæуама ма цæуа).

Сувæллони (цæуæти) ахурадæбæл ниййерæги капитали фæрæзнитæ бахарз кæнуни туххæй курдиадæ еугуремæй æнцондæр барветæн æй Уæрæсей Пенсион фонди сайти «личный кабинет»-и, кенæ портал «госуслуги»-йи фæрци электронон уагæй. Ахид электронон курдиадæй фæстæмæ ниййергутæбæл Пенсион фондмæ æндæр уæлæнхасæн гæгъæдитæ æрветуни ихæс æвæрд нæ фæууй. Сертификати хецау сувæллонæн æхцабæл ахурадон лæггæдтæ исæнхæст кæнуни фæдбæл бадзурд ке хæццæ исфедар кодта, ахургæнæндæнтти хæццæ федаргонд бадзурдтæмæ гæсгæ, Пенсион фонди оргæнтæ хуæдбарæй еци ахургæнæндонæй байагорунцæ бадзурдæй бæрæггæнæнтæ.

Ниййерæги капитал ахурадæбæл бахарз кæнуни туххæй бæлвурд хабæрттæ иссерæн ес Уæрæсей Пенсион фонди сайти хайадæ «Ниййерæги (бийнонти) капитал – Ниййерæги капитал сувæллæнтти ахурадæбæл бахарз кæнæн куд ес?»– и.

Цæгат Иристони фæзуатбæл ниййерæги капитали фæрæзнитæ харз кæнуни къабæзти ахедундзийнади бæрцæй сувæллæнтти ахурадæбæл ниййерæги (бийнонти) капитали фæрæзнитæ харз кæнунæй ахæссуй дуккаг бунат.

Ниййерæги капитали программæ архайун ци бон райдæдта, еци бонæй фæстæмæ нæ республики цæргутæ æригæнттæн ахурадæ раттуни гъуддагбæл бахарз кодтонцæ 226,5 миллион соми, аци анз ба – 23,2 миллион соми.

Уæрæсей Пенсион фонди регионалон контакт-центри телефонтæ: 8-800-600-03-71, 51-80-92.

***КЪНАТТАТИ Маринæ***

## ЗОНУЙНАГ

## АГЪАЗ – ГЪÆУАГÆ БИЙНОНТÆН

Сæ æфтуйæгтæ бустæги минкъий кæмæн æнцæ æма уомæ гæсгæ нæхъæртондзийнæдтæ ка æййафуй, уæхæн бийнонтæн нæ бæсти разамунди унаффæй агъазгонд цæуй. Уæхæн агъаз Цæгат Иристони нерæнгæ райстонцæ, аст анземæй ба æвддæс анзей уæнгæ кæбæл цæуй, уæхæн авд æма дууинсæй мин сувæллоней ниййергутæй. Æдеугурæй син бафистонцæ 2,5 миллиард соми.

Еци феддонти бæрцæ бæрæггонд цæуй ниййергути æфтуйæгтæмæ гæсгæ – фæууй фæццæруни минкъийдæр бæрцæн (Цæгат Иристони е æй 12528 соми) æ 50, 75, кенæ 100 процентi.

Феддонти есуни туххæй курдиадæ бадæттун æнгъезуй Уæрæсей Пенсион фонди æма Берæфункционалон центрти офистæмæ. Æма уæхæн курдиадæмæ гъæуама каст æрцæуа дæс косгæ боней дæргъи. Уæхæн феддонтæ есуни барæ кæмæн нæййес, еци бийнонтæн ба гъæуама уой туххæй фегъосун кæнонцæ унаффæ рахæссуни фæсте еу бонмæ. Феддонтæ райсуни барæ ке ес, уонæн ба сæ гъæуама бафедонцæ фондз косгæ боней дæргъи.



## КУЛЬТУРИ АРТДЗÆСТÆН – НÆУÆГ ФÆЛУСТ

Дигорай 1927 анзи си ци культури артдзæстæ байгон æй, еци 95-анздзуд бæстихай кæд цалцæггонд æрцæуй, уæддæр абони домæнтæн æнхæстæй дзуапп нæбал дæттуй. Æ зали ес æдеугурæй 220 бадæн бунати. Е ба, 10 мин адæймаги кæми цæруй, еци сахарæн унгæг æй. Паддзахадон программæ «2018-2025 æнзти культури райрæзт»-и фæлгæти, Дигорай Карл Маркси гъæунги бундор æвæрд æрцудæй нæуæг бæстихаййæн.

Культурон райрæзти нæуæг центри уодзæнæй еугур гæнæнтæ, кафунмæ, зарунмæ, фæндурæй цæгъдунмæ ка арæхсуй, æндæр искурдиади цæхæрæй ка фæххайгин æй, уонæн.

Аразгутæ куд зæгъунцæ, уотемæй объект араздзæнæнцæ дууæ радемæй, æма исцæттæ уодзæнæй 2023 анзи декабри. Проектмæ гæсгæ æ зали уодзæнæй 400 бадæн бунати, ами æрбунæттон уодзæнæй районы центрон библиотекæ дæр.

**Æрæдонæй рацæуæг номдзуд тæхæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр ПАСЫНКОВ Григорий Василийи фурти райгурдбæл 12 сентябри исæнхæст æй сæдæ анзи (1922-2004).**

*Франческо ГВИЧЧАРДИНИ (1483-1540), италиаг политик, историк: «Зунд ædухæ ку уа, уæд æй наукæ дæр фуддæрæй уæлдай, æндæр хуæздæр ба нæ фæккæндзæнæй. Фал адæймагæн æрдзæ ести искурдиадæ ку радта, уæд ма ибæл ахури фæрци бафтауæн фæууй, æма уотемæйти исхезуй уæлдæрмæ, Хуцаумæ дæр фæххæстæгдæр уй...»*





# «ДÆ ЦАРДИ НИСАН РАВЗАРÆ ÆМА ИМÆ РÆСТУОДÆЙ ТУНДЗÆ!..»

«Нæ фидтæлтæ кæсун æма финсун нæ зудтонцæ, нæ сæмæ адтæй скъолатæ æма академитæ дæр, фал сæмæ адтæй сæхе университеттæ, Сорбоннæтæ æма Кембриджтæй минкъийдæр зонундзийнæдтæ кæми нæ истонцæ, уæхæн университеттæ...»

Уотæ финсуй æ автобиографион уацау «Дæллаг Ир»-и Цæгат Иристони адæмон поэт **Дзасохти Музафер**. Æма ин æ еци гъудитæ ба æримистан, хуæрзæрæги нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети студентти хæццæ ку фембалдæй, æма се 'хсæн ци зæрдæбæлдаруйнаг дзубанди рауадæй, уомæ гæсгæ. Музафер дæр æ рæстæги (1960 анзи) каст фæцæй аци ахургæнæндонæ – уæд ма педагогон институт адтæй. Æма уоййасæбæл ахсгиагæй хумæтæги нæ дзоруй нæ адæми удварнæддзийнади туххæй – уæди рæстæги æригæнтти гъомбæлади устур æргом æздæхт цудæй уонæн айдагъ цидæр дæсниади фæдбæл зонундзийнæдтæй фæххайгин кæнунмæ нæ, фал ма син сæ удиконд хуæрзуагæддзийнадæ æрфедар кæнунмæ дæр. Уомæн æма уæди хестæртæ сæ царди фæлтæрддзийнадæй лæдæрдтæнцæ: кæстæр ести ацъагъуæй цийфæнди арæхстгин ку исуа, фал адæймагдзийнадæй гъæуагæ ку уа, уæд уоми хуарзæй неци ес…

Еци гъуди ахид райгъусидæ Сергей Меняйлойæн студентти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми. Фембæлд арæзт ба æрцудæй, Уæрæсейаг федералон рохситауæн мадзал «Бахай кæнæ дæ зонундзийнадæй»-йи фæлгæти.

> ## НÆКÆСИ
>
> Цæгат Иристон хаст æрцудæй, уæлдæр ахуради хæццæ косгутæ фулдæр кæми ес, еци регионти номхигъдмæ. Аудиторон-консолтингон хизæг FinExpertiza-йи æртасунади бæрæггæнæнтæ куд æвдесунцæ, уотемæй уæлдæр ахуради хæццæ косгути фулдæр хай рабæрæг æй Мæскуй (51,8%), Цæгат Иристони (50,6%), Мæхъæли (44,9%), Ямало-Ненеци автономон зилди (44,9%) æма Санкт-Петербурги (43,8%).
>
> Æртасгутæ куд баханхæ кодтонцæ, уотемæй Цæгат Иристони косгути бæрцæ берæ ке нæй, æгуст адæми хай ба устур ке æй, уомæ гæсгæ ба уæлдæр ахуради хæццæ ка фæууй, уонæн кустагоргути медастæу ериси æнцондæр фæууй кустбæл фæххуæст ун...

Аци фембæлди рæстæг нæ республики разамонæг бæлвурд дзуæппитæ равардта æ архайгути фарстатæн, радзурдта син, æхе дæсниадæ куд равзурста, æ бæлдæ цæмæй исæнхæст адтайдæ, уой фæдбæл куд архайдта.

Мадта æфсæддон дæсниадæ равзарунæн Сергей Меняйлой ци фæрразæнгард кодта, еци фарста дæр имæ равардтонцæ.

Æ радзубандий республики разамонæг загъта:

– Ци æй евгъуд, нуриккон рæстæг æма исонибон? Абони ци ес, е нин кæддæр исонибон адтæй, исон ба 'й евгъуд æхердигæй фæккæндзæнæй. Абони зæрдиагæй цæбæл архайетæ, е уæмæ гъæуама уæ исонибони гъæугæ хузи фæззинна. Гъæуама гъуди кæнун зонайтæ, æнæмæнгæ, гъæуй фæлтæрддзийнадæ, фал унаффæ, фæндон рахæссун ба уæхемæ кæсуй. Уæ размæ æвæеретæ нисантæ æма сæмæ бахъæртунмæ тундзетæ. Устур нисантæмæ гъæуама къахдзæфгай цæуайтæ, гъæуама уæмæ фæразондзийнадæ æма федардзийнадæ уа.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма 1-9 сентябри Уæрæсей æнхæстгонд цудæй æхсæнадæ «Зонундзийнадæ»-йи сæрмагонд марафон. Аци хъæппæреси æмархайгутæ иссæнцæ Рохсади æма науки æма уæлдæр ахуради министрадтæ. Мадзали нисан – ирæзгæ фæлтæртæн зонундзийнæдтæ раттун, сæ хæццæ фембалдæнцæ æма дзубанди кодтонцæ зундгонд адæймæгутæ ахуради æма науки, културæ æма аййевади хецаудзийнади æма кустади минæвæрттæ.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# КУСТ ДÆР ÆМА АДÆЙМАГ ДÆР КÆРÆДЗЕЙ АККАГ КУ УОНЦÆ...

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн фæдзæхст: «Косун ке фæндуй, е аккаг куст иссердзæнæй!..» Загъдæй бæргæ рæсугъд æй, фал адæймагæн алкæд нæ бантæсуй, кæмæ фæббæлуй, уæхæн кустбæл фæххуæст ун. Еуæй-еуетæ æгуст кæд некæд фæуунцæ, уæддæр си зæрдрохс ба нæ фæуунцæ, æндæр цæмæдæр фенгъæлмæ кæсунцæ. Уæлдайдæр ба æригонæй сæхецæн циуавæрдæр куститæ, нисантæ фæккæнунцæ. Æма, цума, уæддæр циуавæр дæсниæдтæ уæлдай бæлдтагдæр æнцæ 18-22-анздзуд уæрæсейæгтæн? Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ еци кари фæсевæдæй кæмæ равардтонцæ, уони дзуæппитæ еумæйагæй рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (проценттæй нимайгæй):




*Дессагæн, аци ранимади сæ кой дæр нæййес, нæ цардиуаги нæ еугурей дæр æнæмæнгæ ка багъæуй, зæгъæн, гъæдикустгæнæг, сантехник, хуйæг æма æндæр уæхæн хумæтæг дæсниæдтæ. Е дæр ма дин нæ нурикон æхсæнади гъомбæладон къабази зулундзийнадæ – аккаг кадæ нæбал кæнæн, хъæбæр æхсицгонæй гъæуама кæбæл аудæн, еци хумæтæг косæг адæймагæн.*

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Фæстугъд рæстæгути æстонгдзийнадæ æйййафгæй, сувæллæнттæ кæми хистмæ, кæми ба цийнæдзийнадæмæ фæннæхæстæр уиуонцæ, кæдимайди ба си ести хуæруйнагæй фæххайгин уианæ, зæгъгæ. Æма син хестæртæй кадæртæ сæ фиди карстæй комидзаг лæвардтонцæ, кадæртæ ба сæ лæдзæгæй æркъæрцц кæниуонцæ, гъома, цъæмæнгæс ма уотæ.*

*Уæд дин еу-дууæ æнсувæри, хист кæми адтæй, уæхæн рауæни еуварс лæудтæнцæ æма кастæнцæ, кæд сæ хæрнæг хуæргутæй еске æрæстæфидæ. Фал сæ æргъудигæнæг нæ фæцæй… Æма, сæ мæгурбон балæдæргæй еу иннемæ еци æрхæндæгæй дзоруй:*

*– Цæуæн нæхемæ, айфонмæ нæхе дзæрна исфунхтæй…*

* * *

Еци дууæ æнсувæрей уавæри ан абони мах, хумæтæг адæм. Паддзахади 'рдигæй нин гъæуама ци фæккæсуйнæгтæй агъазгонд цæуа, уонæй фæффудевгед угæй, нæхуæдтæ, ести амæлттæ кæнæн. Советон доги, дан, еу гурдзиаг бахъонц кодта, гъома, коммунизм Гурдзий некæд ралæудзæнæй. Цæмæннæ, зæгъгæ, æй ку бафарстонцæ, уæд загъта: «Уомæн æма уотæ дзорунцæ: коммунизм не за горами…» Цума, мæнæ нур ци социалон рæстади æхсæнади кой кæнунцæ, е ескæд рантæсдзæнæй?.. Магъа-магъа…



**КВИНТ ГОРАЦИЙ Флакк, рагонромаг поэт: «Гъæздуг кæнæ цæсгонгинæй, кæд дæ бон æй, кæд нæй, уæдта цийфæнди мадзалæй дæр…»**

Уой æнгъæл нæ ан, æма аци номдзуд лæги загъд нæ нуриккон бонгинтæй еске бакастæй – зундагорæнтæмæ сæ нæ евдæлуй мулкитæбæл хæлæф кæнунæй. Кæд си æй еске бакастæй кенæ фегъуста, уæддæр ин балæдæрдтæй æ дуккаг хай, æма гъæздуг кæнуни æнæфсес уогæй нецæмæй æфсæрми кæнунцæ, некæбæл ауæрдунцæ, сæ æнæтæрегъæдæй бустæги истæрегъæддаг унцæ…



**КВИНТИЛИАН Марк Фабий, рагонромаг дзурдархæст лæг: «Рæстдзийнадæ, закъондзийнадæ, хуæрзуагæдзийнадæ, рæстадæ, æнæмастдзийнадæ – гъе уони еугурæй дæр байеугæнæн ес еу лæдæруйнадæй: «рæстадæ».**

Бæргæ син ес байеугæнæн, фал уотæ кæми удзæнæй, уæхæн цардарæзт ба мах, æвæдзи, айдагъдæр нæ медфунти уиндзинан, игъалæй ба нин си цæргæ некæд рауайдзæнæй… Не 'хсæнади абониккон исконд уæхæн æй удæнцойнæдзийнадæмæ нæ бон айдагъдæр тæходуй кæнун æй…



**АРИСТОТЕЛЬ, рагонбердзейнаг философ: «Æхцæуæндзийнæдти æгæр уæлдайдзийнæдтæ – е ихæлддзийнадæ 'й, æма карз бафауни аккаг æй…»**

Бæргæ уотæ 'й, фал… Фаунæй комкоммæ ихæсгин ка 'й, етæ æхцæуæндзийнæдтæй, растдæр зæгъгæй ба, гириззагдзийнæдтæй æгæргæнæг сæхуæдтæ 'нцæ. Бакæсайтæ нæ нурикккон кинонивтæмæ, телеравдиститæмæ!.. Бæхбадт сæбæл ка æркодта, етæ 'фсæрми ци æй, е сæмæ нимади дæр нæй, айдагъдæр сæ гъæуй æхца æма æхца, сæ гириззагдзийнадæ бауорамæг ба син нæййес.

**Ирон журнал «Зонд»-и фиццаг номер рацудæй 1907 анзи сентябри. Дуккаг номери фæсте æхгæд æрцудæй – уæди хецаудзийнади зæрдæмæ нæ фæццудæй æ медес.**

***Михаил КАЛАШНИКОВ (1919-2013), конструктор стрелкового оружия: «А победили мы фашизм, потому что не делились по национальностям. Так же и сейчас надо всем объединиться и начать бороться. Только не против кого-то, а за. За свою страну, за своих людей, за процветание всех и общее благо. Тогда и фашизма никогда не будет!..»***



# НЕТ – ФАШИЗМУ!..

Международный день памяти жертв фашизма отмечается ежегодно с 1962 года во второе воскресенье сентября. В 2022 году этот день приходится на 11 сентября.

Дата отмечается в сентябре, так как именно в этом месяце началась (с нацистского вторжения в Польшу 1 сентября 1939 года) и закончилась (капитуляцией милитаристской Японии 2 сентября 1945 года) Вторая мировая война. Это военное столкновение по своим масштабам, людским потерям и материальным издержкам не имеет себе равных. В войну было втянуто 61 государство, более 80% населения земного шара, боевые действия велись на территории 40 государств, а также на морях и океанах. В ходе Второй мировой войны погибло более 55 миллионов человек. Наибольшие жертвы понес Советский Союз, потерявший 27 миллионов человек.

Семьдесят семь лет прошло с тех пор, как совместными усилиями был побежден фашизм, принесший миру неисчислимые страдания и миллионы жертв. Однако ряд стран пытается пересмотреть итоги Второй мировой войны, в угоду корыстным, политическим и экономическим интересам искажаются исторические факты, навязываются откровенно лживые взгляды, выдумки, построенные на домыслах и спекуляциях.

В последнее время в Европе происходит последовательное обеление и возрождение нацизма. За последний год ситуация в этой области особенно деградировала, в ряде стран организовываются кампании, направленные на искажение истории и фальсификации роли СССР в победе над нацизмом. Как отмечает МИД РФ, особую обеспокоенность вызывают страны Прибалтики, Украина, Польша и Чехия.

В Эстонии уже не первый год проходят слеты ветеранов 20-й дивизии СС. В Латвии ежегодно 16 марта организуется шествие легионеров СС.

Национальные правовые акты Литвы направлены на возвышение военных преступников. Имеют место случаи перезахоронения бывших нацистов, устанавливаются памятники и мемориальные доски «лесным братьям», большинство официальных историков оправдывают гитлеровских пособников.

В последние годы на Украине процветает фашизм, ущемляются права русских и русскоязычных, неонацизм стал частью политической системы страны. Ультраправые радикалы на улицах украинских городов свободно устраивают факельные марши и шествия в честь нацистских преступников. В 2015 году парламент Украины принял закон о признании организаций ОУН-УПА (экстремистская организация, запрещена в РФ) борцами за независимость Украины в XX веке. Происходит героизация УПА и ее лидеров – Степана Бандеры и Романа Шухевича, сотрудничавших с нацистами.

Свободно действуют националистическая партия Всеукраинское объединение «Свобода» (экстремистская организация, запрещена в России), радикальное объединение «Правый сектор» (экстремистская организация, запрещенная в России), нацбатальоны «Днепр», «Айдар», «Азов» (террористическая организация, запрещенная в России) и другие организации, которые объединяют нацистские идеи.

В апреле 2019 года Верховная рада Украины приняла языковой закон, обязавший граждан общаться исключительно на украинском почти повсеместно: в органах власти, школах, вузах и больницах, магазинах, судах, армии, полиции, в ходе предвыборных кампаний и референдумов и пр.

В Прибалтике, Чехии, Польше, на Украине сносятся памятники советским солдатам-освободителям.

Власти современной ФРГ проводят политику пересмотра единоличной исторической роли Берлина в развязывании Второй мировой войны, прилагая усилия к вымарыванию этого тезиса из международной общественно-политической дискуссии.

По словам посла России в США Анатолия Антонова, «и в Америке вольготно себя чувствуют неонацистские организации, «прячущиеся» за первой поправкой к Конституции США, устанавливаются памятники «героям», виновным в этнических чистках, нацистским пособникам, причастным к Холокосту».

По инициативе России ежегодно с 2005 года Генассамблея ООН принимает резолюции, призывающие пресечь попытки героизации нацизма. С каждым годом число стран, поддерживающих проект документа, растет. Против в последнее время традиционно голосуют лишь США и Украина.

В декабре 2021 года Генассамблея ООН приняла российскую резолюцию «Борьба с героизацией нацизма, неонацизмом и другими видами практики, которые способствуют эскалации современных форм расизма, расовой дискриминации, ксенофобии и связанной с ними нетерпимости». За нее проголосовали 130 стран, воздержались 49. Против – США и Украина.

В России подписанным 5 мая 2014 года президентом страны Владимиром Путиным законом, введено наказание до пяти лет лишения свободы за реабилитацию нацизма, отрицание фактов, установленных приговором Нюрнбергского трибунала, а также за распространение ложных сведений о деятельности СССР в годы Второй мировой войны. Кроме того, предусмотрены штрафы за осквернение дней воинской славы и памятных дат России.

Федеральным законом от 4 ноября 2014 года, вносящим поправки в закон «Об увековечении Победы советского народа в Великой Отечественной войне 1941-1945 годов» и статью 20.3 Кодекса РФ об административных правонарушениях», расширен круг организаций, за пропаганду и публичное демонстрирование атрибутики и символики которых установлена административная ответственность. Перечень этих организаций дополнился структурами, сотрудничавшими с фашистскими организациями и движениями, а также с международными либо иностранными организациями или их представителями, отрицающими итоги Нюрнбергского трибунала, а также приговоры национальных, военных или оккупационных трибуналов, основанных на приговоре Нюрнбергского трибунала либо вынесенными в период Великой Отечественной войны, Второй мировой войны.

В августе 2022 года в России в рамках военно-технического форума «Армия-2022» прошел первый Международный антифашистский конгресс. Он собрался с целью объединения усилий мирового сообщества в борьбе с идеологией нацизма в любых его проявлениях. Конгресс призван стать платформой для отстаивания исторической правды о решающем вкладе СССР в разгром фашизма в годы Второй мировой войны, для противодействия распространению нацистской идеологии. Участниками форума стали свыше 60 представителей из 37 стран.

Целью Дня памяти жертв фашизма является борьба с идеологией возрождения фашизма. Его лозунг – объединиться, чтобы противостоять неофашизму. По традиции в этот день проводят общественные акции в память о десятках миллионов людей, погибших в годы Второй мировой войны. В этот день вспоминают не только солдат, защищавших Родину, но и пострадавшее мирное население.

### ТРАГИЧЕСКИЙ РАССКАЗ ПОЖИЛОЙ ЖЕНЩИНЫ – ПРОКЛЯТИЕ ИЗВЕРГАМ

Народный поэт Кабардино-Балкарии Кайсын Кулиев (1917-1985) в годы войны был фронтовым корреспондентом. И в одном из очерков он воспроизвел трагический рассказ старухи, встреченной им у дымящихся развалин дома в одной деревне, после изгнания оттуда фашистов:

«Старуха забила про свое горе... Недавно у соседа от тифа умерла жена. Осталась двухлетняя дочка. Умирая, мать говорила: «Что же будет с Наташей?..» Прошло несколько дней. Немцы стали отступать. Два немецких солдата и офицер пришли за соседом. Говорили, что он сигнализировал русским самолетам и партизанам. Вывели его из хаты. Маленькую Наташу он нес на руках. Офицер приказал оставить девочку... Отец не бросает ее. Тогда по приказанию офицера солдат вырывает Наташу из рук отца и бросает на землю. Девочка поднимается, и с плачем идет к отцу. Тогда немецкий офицер спокойно вынимает пистолет и делает два выстрела в девочку. Одна пуля попадает в голову, другая в грудь. Отец бросается на палача... И... падает мертвым от гитлеровской пули. Для офицера этого мало. Он приказывает солдатам поджечь дом убитого. И вот сейчас медленно догорает этот дом рядом с домом старухи...»

Вряд ли можно спокойно анализировать этот рассказ... Но надо читать, чтобы знать, какова истинная суть фашизма и какую судьбу он свом звериным содержанием предрекает народам…

И набатным звоном должна греметь над планетой воля народов мира: «Нет – фашизму!..» И пусть гимном звучит известная песня «Бухенвальдский набат» (Бухенвальд – один из крупнейших фашистских концлагерей в Германии, где невольники истреблялись тысячами и тысячами...)

### БУХЕНВАЛЬДСКИЙ НАБАТ

Слова – А. Соболев
Музыка – В. Мурадели

*Люди мира, на минуту встаньте!*
*Слушайте, слушайте:*
*Гудит со всех сторон –*
*Это раздается в Бухенвальде*
*Колокольный звон,*
*Колокольный звон.*
*Это возродилась и окрепла*
*В медном гуле праведная кровь.*
*Это жертвы ожили из пепла*
*И восстали вновь,*
*И восстали вновь,*
*И восстали, и восстали,*
*И восстали вновь!*
*И восстали, и восстали,*
*И восстали вновь!*

*Сотни тысяч заживо сожженных*
*Строятся, строятся*
*В шеренги к ряду ряд.*
*Интернациональные колонны*
*С нами говорят,*
*С нами говорят.*
*Слышите громовые раскаты?*
*Это не гроза, не ураган.*
*Это вихрем атомным объятый*
*Стонет океан, Тихий океан.*
*Это стонет, это стонет*
*Тихий океан.*
*Это стонет, это стонет*
*Тихий океан.*

*Люди мира, на минуту встаньте!*
*Слушайте, слушайте:*
*Гудит со всех сторон –*
*Это раздается в Бухенвальде*
*Колокольный звон,*
*Колокольный звон.*
*Звон плывет, плывет*
*Над всей землею,*
*И гудит взволнованно эфир:*
*Люди мира, будьте зорче втрое,*
*Берегите мир, берегите мир,*
*Берегите, берегите,*
*Берегите мир!*
*Берегите, берегите,*
*Берегите мир!*



**Мемориальный комплекс «Бухенвальд»**

***Материал подготовлен на основе информации РИА Новости и открытых источников***

**Войска Ленинградского, 3,2 и 1-го прибалтийских и часть сил 3-го Белорусского фронтов 14 сентября 1944 года перешли в наступление (14-17 сентября) в целях окончательного освобождения Советской Прибалтики от немецко-фашистских захватчиков.**

*Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Дзурд адæми кæрæдзебæл бæттуй, уомæ гæсгæ архайæ уотæ дзорунбæл, цæмæй дæ еугурæйдæр лæдæронцæ, уæдта, ци дзорис, етæ еуругæйдæр раст куд уонцæ... Де ‘фсармæ кæбæл нæ арази кæна, еци гъуддæгутæй дæхе гъæуай кæнæ!..»*





# ХОР ТАВУЙ, ХУМÆГÆНÆГ – ТАУЙ!..

Черчести Хъасболати публицистон уацтæй еуеми бакастæн мæнæ ауæхæн гъуди: «Цард цард æй. Нæййес ин бауорамæн, нæййес ин æ цуд фæттагъддæр кæнун дæр. Некæмæ игъосуй. Хевæндæ, æгоммæгæс æй. Нерæнгæ зæнхæбæл еу уæхæн адæймаг дæр нæма исæвзурдæй, æма царди цалх æ зилдæй æрлæууын кæнун кæмæн бантæстæй...»

Гъо, раст æй Хъасболат æ аци загъдæй. Æцæгæйдæр, адæймаг цийфæнди агъазиау хъаурæгин æма арæхстгин ку уа, уæддæр ин еу гъуддаг ба нецихузи бантæстдзæнæй – царди цалхи размæзилд кенæ бауорамун, кенæ фæстæмæ раздахун, кенæ хе фæндæмæ гæсгæ зелун… Уогæ æ бон ба е æй, æма уобæл исарази уогæй, æ карни хабæрттæ рæстуодæй аразгæй, рæстæгæй-рæстæгмæ æ цардвæндаги евгъудтæмæ фæстæмæ ракæсун: гъæйдæ-уай ци исаразтон, ци си ес уæхæнæй, æма си боз уон, цæмæй ба си арази нæ дæн æма си исонибони ци фæррастдæр кæнунгъон дæ…

Æма мæмæ уотæ кæсуй, цума Черчести Хъасболат дæр абони, æ кари финддæс æма æртинсæй анзей бæрзондæй æ цардвæндаги евгъуд рæстæгутæмæ ку ракæса, уæд ин ес, зæрдрохс цæмæй уа, уæхæн берæ-берæ хабæрттæ.

Райгурдæй Ставд-Дорти, ами каст фæцæй астæуккаг скъола, ардигæй рандæй Советон Æфсади рæнгъитæмæ, уоми уогæй, 1968 анзи ин рауадæй æ интернационалон ихæс æнхæст кæнун Чехословакий зæнхæбæл.

Æфсадæй исæздæхгæй æ царди идарддæри хабæрттæбæл куд нæ расагъæс кодтайдæ, ести дæсниадæ райсун дæр æ зæрди куд нæ адтайдæ. Мадта ци равзурстайдæ, уæхæн дæр ин адтæй – берæ цæмæдæрти дзурдта æ зæрдæ. Фал хъæбæрдæр ба ’й æхемæ æлваста исфæлдистадон тæмæн. Æма уомæ гæсгæ ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети филологон факультетмæ. Уой æнтæстгинæй каст фæцæй, косун райдæдта ахургæнæгæй æ райгурæн гъæуи.

Хуарзæй æма федауцæй цудæй куст, уарзгæ дæр æй кодта, уæдта æнтæсгæ дæр ин си берæ кодта. Фал уæддæр зæрдæ ба æ бунати нæ адтæй, æхеуон агурдта, гъома, æхе ивазта исфæлдистадон архайдмæ. Ма еугæр зæрдæ естæбæл тухсуй, цæмæдæр тундзуй, уæд уой нихмæ зин фæллæууæн æй.

Гъе уотемæй Черчести лæхъуæн иссæй республики тæккæ нимаддæр газет «Рæстдзинад»-и косæг æма си абони дæр ма æнтæстгинæй хъиамæт кæнуй. Æнтæстгин æй, зæгъгæ, хумæтæги нæ баханхæ кодта – аци газети фæрстæбæл æрмæгутæй цидæриддæр мухургонд æрцудæй, уонæй еу дæр уæхæн нæ адтæй æма газеткæсгутæй ке зæрдæ нæ байагурдта, редакцимæ сæ арфитæ ке фæдбæл не ’рбарвистайуонцæ. Уогæ уобæл берæ ци дзорæн – айдагъ «Рæстдзинад»-и нæ, фал мах газети кæсгутæ дæр æй сæхуæдтæ æнæ мах байамундæй дæр хуарз зонунцæ, «Дигори» фæрстæбæл дæр ахид фæззиннунцæ æ публицистикон æрмæгутæ.

Куд дæсни журналист, уотæ Хъасболат зундгонд æй, фал ма еу хабарæн дæр æнæ зæгъæн нæййес – «Рæстдзинад»-и косгæй ма ин æ еума ацъагъуæ дæр раргом æй – аййевадон уадзимистæ финсунмæ дессаги арæхстгин разиндтæй. Уогæ æ æригони рæстæги финста æмдзæвгитæ, уой дæр хуарз æмдзæвгитæ. Фæстæдæр ба, æвæдзи, еци фæлгæт ин æ исфæлдистадон гæнæнтæн нæбал фагæ кодта æма райдæдта



*Черчести Хъасболати исфæлдистади уæлдай табуйагæй зиннуй Мади сорæт. Æма е хумæтæги нæй – æностæмæ имисуйнаг ин æй абони дæр ма æ мадæ Фаризæт (Æчети кизгæ)... Сæрустур си æй – гъæубæсти ‘й абони дæр ма æримисунцæ – уоййасæбæл æгъдаугин æма зундгин силгоймагбæл нимад адтæй. Æ цæуæти дæр еци хузи – æгъдаугин æма рæстуод унбæл – исгъомбæл кодта.*

радзурдтæ, новеллитæ, этюдтæ, публицистон уацтæ финсун. Еудзурдæй, æхе иснивонд кодта прозæн. Æма еци куст кæнуй абони уæнгæ дæр.

Æцæг искурдиадæн нæййес баримæхсæн. Æ рæстæги нæ адæмон финсæг, дзенети бадæг Цæгæрати Максими ку бафарстайсæ æригон финсгути туххæй, уæд раттидæ уæхæн дзуапп: «Мæнмæ гæсгæ, æрдзæ литературон искурдиадæй æнæвгъауæй фæххайгин кодта прозаик Черчести Хъасболати æма поэт Касати Батрази. Литературон фæсевæди æхсæн берæ сæрæн биццеутæ æма кизгуттæ ес, фал æз мæ зæрдæ уæлдай хъæбæрдæр дарун аци дууебæл, æма мæ фæндуй цæмæй ма фæффудæнгъæл уон…»

Рæстæг равдиста, Цæгæрай-фурт ке нæ фæффудæнгъæл æй, уой. Хъасболати уадзимистæ алкæддæр иссерунцæ фæндаг адæми зæрдитæмæ. Уомæн æма финст дæр зæрдæй æрцæуунцæ. Æ уадзимистæ мухургонд цудæнцæ æма цæунцæ республикон æма æгасуæрæсеуон журналти æма газетти, журнал «Дон»-и дæр. Хецæн киунугутæй ин мухури рацудæй ирон æма уруссаг æвзагбæл документалон уацау «Мæлæтæй тухгиндæр», цалдæр радзурди ин бахастонцæ нæ республики æригон финсгути еумæйаг æмбурдгонд «Содзæ ме ’стъалу»-мæ, цалдæр анзей размæ ба ин рацудæй æ аййевадон уадзимисти хецæн æмбурдгонд «Хорамонд».

Æ прозаикон уадзимистæ уæлдай бæрæг дарунцæ бæлвурд исфæлдистадон хевæрцондзийнæдтæй, финсæг хъæбæрдæр арæхсуй, адæймаги зæрди арфæй ци римæхст æнкъарæнтæ райгуруй, уони рæсугъд ирон æвзаги агъазиау гæнæнтæй ирдæй равдесунмæ. Уой хæццæ æ гъудитæ фæуунцæ æлвæст æнæ уæлдай дæргъвæтин дзубандитæй.

Уæлдæр куд загътон, уотемæй Черчести Хъасболати исфæлдистади уæлдай бæрæг дарунцæ мади туххæй финст уадзимистæ. Æма уомæй, мæнмæ гæсгæ, е уой нимауйуй æ уоди æма æ исфæлдистадон архайди сæйрагдæр ихæсбæл, уомæй æносон кæнуй ниййерæг мади, фиццагидæр, æхе мадæ, хъиамæтгун Фаризæти ном. Аци силгоймаг фæццардæй куд хумæтæг гъæуккаг силгоймаг, федауцæй царди бавзурста цийнæ дæр æма зин дæр, фал фæстагмæ ба ибæл зиндзийнæдтæ æгæр æруæзæ ’нцæ – æстдæс анзей дæргъи хуссæни сæйгæ фæцæй. Уони дæргъи е, кæд еске æцæг рæвдуд фæууидта æ хеуæнттæй, уæд æй Фаризæт фæууидта. Æ киндзæ Людæ (Дзилихти кизгæ), æ кизгуттæ Азæ æма Розæ, æ фурт Хъасболат, уони цæуæт уомæн лæггадæ кæнунæй некæд æма нецæмæ базийнадæ кодтонцæ. Уогæ син зин ба куд нæ адтайдæ сæ мади сæйгæ. Хъасболати радзурд «Мадæ» арæзт æй æдеугур цалдæр гъудиадемæй, фал си æ ниффинсæги зæрди рист ба куд бæрæг æй: «Ехх, мæ мадæ, мæ мадæ!.. Цал хатти рахаудтæн аци зæнхæбæл, цал… Кæддæриддæр мæ, цит, исистай, фал мин ду нур еунæг хатт рахаудтæ, æма дæу исесун ку нæ бацæй мæ бон...»

Черчеси-фурти публицистикон æма аййевадон уадзимистæ адæм сæ зæрдитæмæ хъæбæр хæстæг райсунцæ, ахид ин фæййарфитæ кæнунцæ уони туххæй. Мадта æ хестæр исфæлдистадон æмархайгутæ дæр ин устур аргъ искæнунцæ. Зæгъæн, æ радзурд «Цæй зин æй мади цæститæбæл æрхуæцун» рохсаггаг Тедети Геуæрги, зундгонд финсæг исхудта æцæг шедевр: «Ирон литератури æз рагæй нæбал бакастæн уæхæн агъазиау, зæрдæмæгъаргæ уадзимис... Е æй дæ устур æнтæст, æма дин арфæ кæнун...»

Черчести Хъасболатæн æ киунугæ «Хорамонд» ку рацудæй, уæд уобæл хъæбæр, æвæдзи, авторæн æхецæй фулдæр ка бацийнæ кодта, уонæй адтæй нæ курухон хестæр, тугъди ветеран, адæмон финсæг Хъайтухъти Азæмæт дæр: «Киунугæ Уасгергий ковæн бæнтти рæстæг рацудæй, гъема æ автор Уасгергий фæдзæхст уæд!..»

Æмбесонд уотæ зæгъуй, сæдæ хатти фегъосунæй, дан, еу хатт фæууинун хуæздæр æй. Уотæ – киунуги хабар дæр. Мах ин цæйбæрцæдæр ма фækкæнæн æ хуарзи кой, уæддæр аргъгæнæг киунугæкæсгутæ уодзæнæнцæ.

… Мæнæ уæлдæр куд загътан, уотемæй Черчести Хъасболат æ аййевадон уадзимисти еу æмбурдгонд исхудта «Хорамонд». Цæмæн уотæ исхудта? Аци фарстайæн æхуæдæг уæхæн дзуапп равардта:

– Киунугæ фæууй уацау «Хор мегъти ауунæй дæр тавуй»-æй, æма уой кæронбæттæни ес уæхæн рæнгъитæ: «Царди медæгæ алцидæр æрцæуй. Хатгай уотæ дæр фæууй, æмæ хорбони арв дæр ниннæруй, фал уæддæр хор хор æй… Е нæ мегъти ауунæй дæр фæттавуй… Уомæ гæсгæ мæ бафæндадтæй мæ уадзимисти æмбурдгондæн уæхæн сæргонд раттун».

Гъе æма, Хъасболат, абони дин дæ 75-анзон юбилейи фæдбæл арфитæ кæнгæй нæ зæрдæ дин зæгъуй, цæмæй дæ царди, уæлдайдæр ба дæ кæстæрти, уони цæуæти царди аллибон дæр хорамондæй рæвдуд куд уонцæ. Æнæ мегъæбон дæр царди кæми рауайуй, фал сæ нæ Исфæлдесæг гъæуай кæнæд, издин ехуарæн ма расайæд еци мегъæ æма ’й хори тунæ куд еуварс кæна, уæхæн амонд сæ уæд.

Хъасболат, нæ фидтæлтæй уæхæн зундгин загъд байзадæй: «Хор тавуй, хумæгæнæг ба – тауй!..» Ду хумæгæнæг дæ æма дæ хумгæнди ци итауай, е дессаги тиллæгæй куд райрæза æма си хумгæрдæнти адæмæн зæрдирохсгæнæг бæркад куд æмбурд кæнай, уæхæн хуарздзийнадæ дæ уæд!.. Берæ зæрдæмæгъаргæ уадзимистæ ниффинсун ма дин куд бантæса, уæхæн фарнæ дæ хай уæд!..

… Æмбесонд куд зæгъуй, уотемæй сæдæ хатти фегъосунæй, дан, еу хатт фæууинун хуæздæр æй. Уотæ – аййевадон уадзимисти хабар дæр. Мах син цæйбæрцæдæр ку фækкæнæн сæ хуарзи кой, уæддæр аргъгæнæг ба киунугæкæсгутæ уодзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ ба уæ абони зонгæ кæнæн Черчести Хъасболати цалдæр радзурдей хæццæ. (Кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.)

(Кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.)

**САКЪИТИ Эльбрус**

**Дагестани адæмон поэт Гафуров Абуталиб Гафури фурти райгурдбæл 21 сентябри æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1882-1975).**

***ТОТРАТИ Руслан (1936-2015), финсæг: «Дзиллон цæстингас æртасгутæ куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй, уæрæсейæгтæй уæлдæр ахурадæ ка района, уонæн, дан, сæ 30 процент (кæд фулдæр? – ред.) сæ цард-цæрæнбонти еу аййевадон киунугæ дæр нæ бакастæнцæ! Фегъосæн ма фæууй уæхæн дессæгтæ дæр: студентти 'хсæн разиннуй саугæнгæ уæхæнттæ дæр æма кæсун ка нæ зонуй.***



Цæгат Иристони номдзуд финсгутæ Хъайтухъти Геор, Цæгæрати Максим (фиццаг рæнгъи – рахесæрдигæй галеуæрдæмæ), Цæрукъати Валоди (дуккаг рæнгъи – рахесæрдигæй æртиккаг) æма Гаджити Георги (галеуæрдигæй фиццаг) æригон финсгути хæццæ. Черчести Хъасболат – фиццаг рæнгъи рахесæрдигæй æртиккаг.

# «ХОР УÆДДÆР ХОР ÆЙ – Е НÆ МЕГЪТИ АУУОНÆЙ ДÆР ФÆТТАВУЙ!..»

## АХУРГÆНÆГИ ДЗУБАНДИ Æ МЕДГЪÆЛÆСИ ХÆЦЦÆ

Истухстæй зæронд ахургæнæг. Нур инсæй анземæй фулдæр ци пиджак даруй, уой арæхстгай раласта æма 'й шифанери исауигъта. Мæтъæлæй æрбадтæй æ зæронд диванбæл æма арф гъудити рандæй. Æ сæйрагдæр мæтæ ба уобæл æй, æма 'й аци бон дууæ рауæнемæ зиантæмæ цæун ке гъæуй, æма имæ æхца ба ке нæййес. Уобæл æй хъæбæрдæр æ катай æма ин æ медгъудити хæццæ байеудагъ æй дзубанди:

– Нур, мадта, уотемæй куд цардæуа? – дзоруй мæстгунæй.

– Æма дин ке фуд æй? Уæд дæ ахургæнæгбæл ахур кæнун нæ гъудæй… – æ хъури фæббадтæй æ медгъæлæс.

– Æма ахургæнæг раздæр кадгин ке адтæй, е ди феронх æй? Сæ ходтæ дæр ма ин истонцæ…

– Е раздæр адтæй. Гъо, уæд ин кæстæртæ сæ ходтæ истонцæ, нур ба ахургæнгутæн сæхе ходтæ дæр скъæфгæ кæнунцæ… Нæбал æй гъуди кæнис, айразмæ дин фудуаг биццеутæ дæ сæрæй дæ фиди бухайраг ходæ куд фелвастонцæ, уой?..

– Кайфæнди цийфæнди кæнæд, уæддæр æз царди медæгæ лæгъузæй некæмæн неци ракодтон.

– Гъо, ду берети исаразтай ахури надбæл.

– Æма е лæгъуз æй?

– Бафæрсæ син сæхе… Дæ фæрци беретæ иссæнцæ профессортæ, устур ахургæндтæ, фал сæ царди уавæртæ ба абони гæвзуккæй-гæвзукмæдæр цæунцæ…

Тухсуй, катаййи бацудæй зæронд ахургæнæг. Никки зиндæр ба ин е æй, æма æ медгъæлæси фæрститæн æ бон дзуапп раттун ке нæй. Уæдмæ изæр кæнун дæр райдæдта. Зæронд ахургæнæг æ къела къæразгæмæ фæххæстæгдæр кодта. Кæсуй, æма дин æ рази еу фæсарæйнаг машинæ ку 'рлæууидæ. Рахизтæй си еу даст сæр, туппуртæарæзт лæппо-лæг. Е ахургæнæгмæ равдиста е 'вдесæндар, нур анзмæ хæстæг æхца газæн æма токæн ке нæ бафиста, уой туххæй ин ралух кодта æ рохси телтæ æма ин исæхгæдта æ гази хæтæл.

– Еу мæйи æмгъудмæ ма мин уæддæр рæстæг равардтаййайтæ, – æхе бахадта лæппо-лæгмæ зæронд ахургæнæг.

– Мæнæн дин мæ бон байагъаз кæнун нецæмæй æй. Уæлдæр хецауадæй барæ райсæ, æма – табуафси! Уæдта мин кæддæр «дууитæ» ку æвæрдтай, цалдæр хатти мæ дæу туххæй уæлдæр къласмæ ке нæ исæйййивтонцæ, е кæд дæуæй феронх æй, уæддæр мæнæй нæ феронх æй. Æма ци? Кæд дæу фудæй уæлдæр скъола каст нæ фæдтæн, уæддæр, мæнæ мæ куд уинис, уотемæй нæ фесафтæн. Неци гъæуагæ дæн. Æхца, дууæуæладзугон хæдзарæ, дачæ, фæсарæйнаг машинæ – еудзурдæй, неци гъæуагæ дæн, мæ раздæри зундамонæг.

Уоййадæбæл лæпполæг рабадтæй æ рæуæг хуæдтолги æма уайтæккæ сæ рæзти уоми уæлæмæ иссуффутт кодта.

Зæронд ахургæнæг мудадзин цирагъ иссугъта. Мæтъæлæй гъудити рандæй. Æ медгъæлæси хæццæ бабæй ин байеудагъ æй лæгæй-лæгмæ дзубанди. Фал бабæй аци хатт дæр зæронд ахургæнæгæн бæлвурд дзуæппитæ раттун не 'ссæй æ бон æ медгъæлæси берæ фæрститæн.

## МАДИ ФÆДЗÆХСТ

Уалдзигон сæумæ. Хори фиццаг тунтæ мин цидæр æхцæуæндзийнадæ уадзунцæ ме 'уæнгти. Идардæй мæмæ думгæ скъæфуй нæуæгконд дзоли адгин тæф.

Мæ цæститæ рахастон нæ уорссæр æносон хуæнхтæбæл. Уæлæ айнæг къæдзæхи дæллаг фарсæй ци толдзæ бæласæ зиннуй, уомæ бабæй никки æдзинæгдæр кæсун. Уоми иронхуати байзадæй мæ царди рæсугъддæр уалдзæг.

Æхсæрдæсанздзудæй уордæмæ рафтудтæн. Нæ уæриккити си хизтон. Бон-сауизæрмæ си раледзæ-баледзæ кодтон цъæх кæрдæгбæл. Мæ зарунмæ мин æгомуг къæдзæхтæ фæрсаг кодтонцæ. Цæргæс фæссабур æй æ тахтæй, дон – æ цæунæй. Æригъуста мæмæ æрдзæ еугурæйдæр. Еухатт ба лискъæфдзауæн адтæн. Æрбадтæн, уæлæ думгæ æ рæсугъд къабæзтæ кæмæн змæлун кæнуй, еци бæласи буни. Уагътон мæ фæллад. Мæргъти гъæлæстæ мин мæ реуи игурун кодтонцæ циуавæрдæр æбæрæг бæллецтæ. Мæхуæдæг дæр æй нæ балæдæрдтæн, куд райгъустæй мæ цийни зар… Фал… Фал мæ зар фескъудæй æрдæгбæл. Цæститæ фæццæфстæнцæ, сауæдони билæбæл ци деденæг ирæзтæй, уобæл. Зарунмæ нæбал, фал дзорунмæ дæр нæбал исарæхстæн. Мæ реуи цирагъи хузæн иссугъдæнцæ æбæрæг бæллецтæ.

Уæд фиццаг хатт балæдæрдтæн рæсугъддзийнади тухæ, уарзондзийнади адæ. Уæдæй нурмæ мæ æлвасуй е æхемæ. Аци райдзаст бони дæр бабæй мæ цæститæбæл уайуй е 'ртæхдзаст цæсгон. Тæрсун, мæ зæрди уедæгтæбæл ци æрхун цирæгътæ содзунцæ, уонæн рахуссунæй. Мæ зæрдæ дзоруй мæ мадæмæ дæр. Æзинæй ардæмæ имæ синхи уоститæ бадгæ кæнунцæ, тухст сæйгæ 'й. Фал мæмæ уæддæр еци рæсугъд деденæги цæститæ седунцæ сæхемæ.

Гъо, æма бабæй гъæуама аци бон сæумæраги фæццæуон æ размæ.

… Байгон кодтон, мæ мадæ ци авари хустæй, еци дуар. Бацудтæн арæхстгай æ размæ. Æ росбæл ци арф нос ес, уобæл цæстисуги æртæх æруадæй æма бази уорс цъарæбæл рафæд кодта. Фарсбæл ауигъд зæронд сахатти цъæхснаг æстуф ихалуй авари сабурдзийнадæ. Уотæ мæмæ кæсуй, цума сахаттæн æ алли цъинк дæр мади зæрди цæф æй. Нæ бафеппайдта нийййерæг, æ разæй куд рацудтæн, уой. Нæ фæууидта, æ гъæццоли сæрбæл куд æрхаудтæнцæ мæ цæстисугтæ, уой дæр. Нæуæгæй бабæй февзурстæй мæ цæститi рази еци деденæги рохс цæсгон. Ехх, цæйбæрцæ тухæ дæмæ ес, мадта, рæсугъддзийнадæ?! Адæймагæн æ мæтæ, æ сагъæстæ фæссорис. Æрцæрун кæнис лæги зæрди арви цъæх. Мæнæ исхъæрдтæн, минкъий думгæй дæр кæмæн тарстæн, еци деденæгмæ. Нæбал имæ æфсæдун кæсунæй. Хатгай искæсун хуæнхти 'рдæмæ æма гъæрæй исдзорун: «Ехх, хуæнхтæ, куд фæразетæ уотæ æгуппæгæй кæсун аци деденæги рæсугъддзийнадæмæ? Куд нæ базмæлун кæнетæ уæ фæтæн усхъитæ, куд нæ ракафетæ æ алливарс, Нарти гуппурсарти хузæн, сæрустур æма медбилтиходгæй?»

Нæбал кæсуй зæрдæ мæ коммæ. Æрæвналдтон зир-зиргæнгæ къохтæй æрдзи хъæболæмæ. Æртудтон, бон мæбæл анз ке туххæй кодта, еци цардæфсес деденæги. Æрхастон æй дарий къохмæрзæни тухтæй нæхемæ. Равардтон æй мади фæлмæн къохтæмæ. Амондгун худтон мæхе. Фал ибæл нæ бацийнæ кодта нийййерæг, нæ фæррохс æй фæлорс цæсгон дæр. Æрхаудтæй деденæг æ къохтæй.

Цидæр æнахур рист искодта мæ зæрдæ. Уалдзигон бон мæмæ фæккастæй уазал фæззигон мæтъæл бони хузæн. Арв цума еугурæй дæр сау мегъти буни фæцæй, æма хори тунтæн сæ бон нæбал æй ракæсун. Уатæй мæмæ райгъустæй мади исуст гъæлæс: «Биццеу, рацо мæ размæ, игъосис мæ!..» Еци дзурдтæ мин никкидæр мæ зæрдæ базмæлун кодтонцæ. Нийнæфтæн къæхти бунæй сæрмæ. Мæ кæуындзæг исхъæрттæй мæ хъурмæ. Фæндæ мæ адтæй никкæуун. Фал мæ цæститæбæл рауадæнцæ мæ фиди фæстаг дзурдтæ, тугъдмæ рандæ уни размæ. Е мин фæдзахста: «Биццеу, макæд сорæ дæ маст цæстисугæй!» Мæхе фæффедар кодтон. Бацудтæн уæззау къахдзæфтæй мади размæ. Разилдта æ фæлорс цæститæ ме 'рдæмæ. Асуст гъæлæсæй райдæдта дзорун: «Биццеу, ду кастæ деденæгæн æ рæсугъддзийнадæмæ, фал имæ раздæр басмотун гъудæй». Никкидæр ма мин цидæр фæдзæхсунмæ гъавта, фал сæ æ бон нæбал бацæй зæгъун. Нæбал райгъустæй æ асуст уолæфт дæр. Æ листæг къох ауигъдæй райзадæй хуссæнæй пъоли астæу. Нæбал балæдæрдтæн куд мæ исистонцæ синхи уоститæ мади уазал хъурæй. Рахудтонцæ мæ тургъæмæ. Лæуун, нæ тургъи астæу ци устур æнгозæ бæласæ ес, уой буни. Листæг сæлфунæг кæнуй. Кæуй уалдзигон арв. Ставд цæстисугтæ калуй, ци бæласи буни лæуун, е дæр.

Тургъæ адæмæй байдзаг æй. Цæунцæ адæм. Лæгтæ, уоститæ, зонгитæ. Фæйнердæмæ тонуй нæ тургъæ.

Рохсаг уæд… Мæ зæрди иннердæмæ рахизтæнцæ содзгæ дууæ дзурди. Мæ гъостæбæл уадæнцæ нийййерæги фæстаг дзурдтæ: «Биццеу, ду кастæ деденæгæн æ рæсугъддзийнадæмæ, фал имæ раздæр басмотун гъудæй!..»

Æз кудтæн æгомугæй. Феронх ми æй еци сахат мæ фиди фæдзæхст дæр. Æз кудтæн мæ рæдудбæл. Биццеуи фиццаг рæдудбæл.

## ЦÆХГУН САЙД

Додæбе цæргæ-цæрæнбонти æвудæй некæд неке бафхуардта. Косуй æнцад-æнцойнæй æхецæн. Æ куст ба ахсгиаг æма бæрнон æй. Нур дæс анземæй фулдæр косуй къахидарæс хуйæн фабрики хестæр контролерæй. Æ гъос алкæддæр даруй, конвейербæл цæттæ худæй ци къахидарæс рацæуй, уони хуæрзгъæдæдзийнадæмæ.

Кусти медæгæ федар æгъдаубæл хуæст æй Додæбе. Нæ уарзуй æрæги æма цохтæ кæнун. Уобæл ахур кæнуй æ дæлбарæ косæги, нурма сæмæ хуæрзæрæги ка æрбацудæй, еци æригон лæхъуæн Мурикки дæр. Раст зæгъгæй, нецæмæй си гъаст кæнуй. Æй æнæзийнадæ æма коммæгæс биццеу. Додæбе ин ци фæззæгъуй, уой кæддæриддæр исæнхæст кæнуй афойнадæбæл.

**Уæрæсей адæмон артист, К. Станиславскийи номбæл паддзахадон премий лауреат ИКЪАТИ Сидамони фурт Мæирбеги райгурдбæл 19 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1927-2004).**

*Етӕ астӕуккаг скъола кутемӕй фӕцайуонцӕ ӕма уӕлдӕр ахургӕнӕндонӕмӕ кутемӕй бафтудӕнцӕ, е ба ни сосӕггаг некӕмӕн ӕй. Цӕмӕдесаг ӕндӕр хабар ӕй: цума коррупций аци цӕуӕт циуавӕр бӕрнон бунӕтти ӕрбадтӕнцӕ специалисттӕ бӕрзонд номи хӕццӕ? Нӕ бонӕй уӕн, нӕ бонӕй, тӕккӕ исон етӕ ӕ чиновниктӕ кӕмӕн уодзӕнӕнцӕ, ӕ паддзахадон лӕгтӕ – алли угрюм-бурчеевтӕ...»*



Анзи бӕнттӕй ба тӕккӕ минкъийдӕр уарзуй фиццаг апърел. Берӕ сӕйдтитӕ ӕрцӕуй уӕд Додӕбебӕл. Уотӕ бӕргӕ фӕззӕгъуй, нур сайун некӕмӕнбал бакомдзӕнӕн, зӕгъгӕ, фал бабӕй ӕй уӕддӕр расайунцӕ.

Мӕнӕ бабӕй нур дӕр, 1 апърели, косгӕ бон нӕй ӕма Додӕбе ӕ фӕллад уадзуй сӕхемӕ. Федарӕй искарста: «Нӕ, аци хатт некӕмӕнбал бакомдзӕнӕн сайун».

Додӕбе ӕхе ӕруагъта фӕлмӕн диванбӕл. Ӕ зӕрдӕбӕл ӕрлӕудтӕй, фарӕ аци афони ӕй куд расайдтонцӕ, е. Ӕма ка? Сӕ коллективи еугуремӕй сабурдӕр ӕма ӕфсӕрмигӕнагӕдӕр ке худта, е – дзабурхуйӕг Гӕгӕрцати мадзора биццеу Будзи. Уой хестӕртӕ ку нӕ исардудтайонцӕ, уӕд имӕ ӕндеугӕ дӕр нӕ бакодтайдӕ, фал…

Гъе ма дин еци Хуцауи ’лгъист сӕумӕ ӕ уӕлгъос ку ӕрлӕууидӕ ӕма ин ходгӕ цӕститӕй уотӕ: «Дӕ хуӕрзӕнгорӕггаг мӕн, Додӕбе! Минкъий раздӕр дӕ нӕ министр телефонӕй агурдта. Загъта, зӕгъгӕ, Кади грамотӕ дин дӕттунцӕ абони ӕма хецауади хӕдзарӕмӕ 10 сахаттемӕ исцо».

Додӕбе дӕр уайтӕккӕ балӕудтӕй хецауади хӕдзари. Хуӕрзеугутӕ кӕми фӕддӕттунцӕ, уой дуармӕ сауӕнгӕ фӕссехуармӕ фӕббадтӕй, фал ӕй еу гъуддаггӕнӕг нӕ фӕцӕй. Ӕрӕгиау балӕдӕрдтӕй, сайд бабӕй ибӕл ке ’рцудӕй, уой, ӕма сӕркъолӕй, мӕстгунӕй рахизтӕй гъӕунгӕмӕ. Уалинмӕ ин ӕ гъудити халӕ фескъудта телефони дзӕнгӕрӕг. Додӕбе исиста хӕтӕл ӕма ӕ гъӕлӕсмӕ гӕсгӕ базудта е ’мкосӕг Мурикки.

Е имӕ хуӕрзӕнгорӕггаг фӕцӕй: «Ӕхцӕуӕн хабар, Додӕбе! Нӕ профцӕдес дин лӕвар Сочимӕ путевкӕ дӕттуй. Дӕхе бацӕттӕ кӕнӕ!..»

Додӕбейӕн ӕ маст рафунхтӕй, рагъуди кодта, ӕвӕдзи, бабӕй уой дӕр е ’мбӕлттӕ исардудтонцӕ ӕма ми гириз кӕнуй, зӕгъгӕ. Гъавта ин цалдӕр цӕхгун дзурди зӕгъун, фал ӕхебӕл фӕххуӕстӕй. Ӕрӕгиау ин уотӕ:

– Игъосай, биццеу! Мӕн Сочитӕ ӕма ӕндӕр рауӕнтӕмӕ нӕ евдӕлуй! Берӕ кустӕ мин ес! Кӕд цӕуис мӕ бӕсти, уӕд – табуафси! Цо ӕма бауолӕфӕ Сочий.

– Куд? Ӕз – дӕ бӕсти? Ӕма дӕ зӕрдӕ нӕ фӕхходдзӕнӕй?

– Нӕ фӕхходдзӕнӕй, нӕ! Табуафси! Ӕз дин барӕ дӕттун! Цо ӕма бауолӕфӕ!.. – ӕ маст тухххӕй уорамгӕй ин дзуапп равардта Додӕбе.

Дуккаг бон Додӕбе ӕ кустмӕ ӕрбацудӕй игъӕлдзӕгӕй. Ӕхецӕй боз адтӕй, ӕзинӕ 1 апърели, е ’мбӕлттӕн сайун ке нӕ бакумдта, уомӕй. Бахизтӕй ӕ косӕнуатмӕ, фал ӕ цӕстӕ не ’рхуӕстӕй е ’мкосӕг Мурикбӕл.

– Мурик, миййаг, сӕйгӕ фӕцӕй? – фӕрсуй сӕ цехи хецауи Додӕбе.

– Неци фӕссӕйгӕ ’й, – ӕзинӕ ӕ фӕллад уадзунмӕ Сочимӕ расхуста. Дӕхуӕдӕг ин ку равардтай дӕ путевкӕ…

– Гъо, хӕдӕгай, феронх ми ӕй – ӕхе рӕститӕгӕнгӕ, къуӕзгӕй загъта Додӕбе.

«Аци хатт бабӕй мӕ ӕцӕг цӕхгун сайд ракодтонцӕ», – ӕхенимӕр бакатай кодта Додӕбе, фал ӕхе федар дардта, нӕй фӕндӕ адтӕй, цӕмӕй ин е ’мбӕлттӕ фӕууидтайонцӕ е ’нӕхъаурӕдзийнадӕ.

## НӔУӔГ КИНДЗӔ

Лези табийӕй ӕртиккаг дзӕхӕрагун фелваста, ӕ сӕрбӕл ин царви къӕрт ӕрӕвардта ӕма бор-борид къере ӕнӕгъӕнӕйдӕр сойни гъӕстӕ парахаттӕй фӕцӕй.

Ӕртӕ дзӕхӕрагуни дӕр ӕмхузон хуарз рауадӕнцӕ. Никки ма ин сӕ ӕ синхаг Асиат дӕр ку растудта, дессаги дзӕхӕрагунтӕ искодтай, зӕгъгӕ, уӕд Лези ӕхецӕй бустӕги нибоз ӕй.

Еузагъдӕй, Лези абони Асиати хӕццӕ исфӕндӕ кодта ӕ нӕуӕг киндзи мади сӕйгӕдони бабӕрӕг кӕнун. Гъӕуккаг силгоймагӕн ӕ рӕбун ци фӕууй, уомӕй нецӕбӕл байаурста Лези дӕр – устур хунӕ исрӕвдзӕ кодта. Хуни хӕццӕ ма никкидӕр батухта хуарз пъолциаг, дууӕ цъиндай ӕма раздарӕн. Мадта Асиат дӕр ревӕд къохӕй нӕ балӕудтӕй Лезий фарсмӕ.

Сӕумӕй Лези ӕма Асиат автобуси рабадтӕнцӕ ӕма рараст ӕнцӕ Дзӕуӕгигъӕумӕ, сахари кӕрон сӕйгӕдони рази ӕрхизтӕнцӕ.

Лезий киндзи мадӕ ци уати хустӕй, уой дуар арӕхстгай байгон кодтонцӕ дууӕ уоси, сӕйгитӕн, ӕнӕнез уӕ Хуцау искӕнӕд, зӕгъгӕ, райарфӕ кодтонцӕ ӕма сӕ хунтӕ ихалунмӕ февналдтонцӕ. Къеретӕ ӕма нӕуӕг фунх карки ӕхсицгон тӕф рапурхӕ ӕй уати.

– Евдокка, раздӕр бабӕрӕг кӕнун дӕ бӕргӕ ӕнгъизтӕй, фал еу бонӕй иннемӕ изайгӕ цудан, ӕма нин, дӕ хуарзӕнхӕй, бахатир кӕнӕ, – загъта Лези.

Фал имӕ неци исдзурдта сӕйгӕ. Ӕрӕгиау сӕмӕ е ’ргом раздахта, е ’рфгутӕ фӕттар кодта ӕма Лезийӕн нӕтгӕй ӕ цӕстӕмӕ бадардта:

– Е ба дин циуавӕр Евдокка ’й?.. Гъӕуккаг ӕнӕфӕууинд миутӕ-дзубандитӕ… Мӕ ном Евдокийӕ ӕй ӕма мин ӕй цӕбӕл усхъуммитӕ кӕнис, куд ӕй, утемӕй ӕй уадзӕ…

Лези хуарзау нӕбал фӕцӕй, ӕхе рӕститӕ кӕнунбӕл исхуӕстӕй:

– Дӕ хуарзӕнхӕй, бахатир кӕнӕ… Ӕз дӕ уотӕ фурбоцӕй… Ӕндӕр…

Еуцӕйдӕрбӕрцӕдӕр си неке неци дзурдта. Уӕдта Лези, цӕмӕй сӕйги зӕрдӕ барохс кодтайдӕ, уой тухххӕй ин ӕ кизги ӕстаунбӕл фӕцӕй:

– Евдокка… Ӕллӕх, бахатир кӕнӕ – Евдокийӕ… Ӕз хъӕбӕр арази дӕн дӕ кизгӕй. Раст ӕй мӕхе бӕдолӕй фулдӕр уарзун. Хӕдзари куститӕмӕ ба артӕй уӕлдай нӕй, артӕй. Кӕд горӕти исгъомбӕл ӕй, уӕддӕр хуарз арӕхсуй гъӕуи куститӕмӕ. Сӕумицъӕхӕй фестуй, гъоцитӕ радоцуй, сӕ бунтӕ син никкӕдзос кӕнуй. Хъӕппӕлтӕ ку нихсуй, уӕдта сӕмӕ адӕймаг кӕсунӕй нӕбал фефсӕдуй, уотӕ цӕхӕртӕ фӕккалунцӕ. Берӕ ’й уарзунцӕ еугур гъӕубӕстӕ дӕр.

– Гъо, гъо, уӕхӕн киндзӕ нӕ гъӕумӕ нӕма ӕрцудӕй, – ӕ дзурд багӕлста Асиат дӕр.

Еци дзубандимӕ игъосгӕй, Евдокийӕ цийнӕ нӕ бакодта, фал ниммӕтъӕл ӕй. Ӕ цӕсгон ӕнахур рафӕлорс ӕй. Цидӕр зӕгъунмӕ гъавта, фал си дзурд не ’гъустӕй.

Фӕдеси фӕдздзурдтонцӕ дохтирмӕ. Е ин ӕ тоги ӕлхъивдадӕ рабарста, искодта ин укол, уӕдта Лези ӕма Асиатӕн балӕдӕрун кодта:

– Уӕ хуарзӕнхӕй, бауадзетӕ ’й ӕхе барӕ.

Етӕ дӕр сӕ хуни тӕбӕгътӕ раревӕд кодтонцӕ, хуӕрзбон загътонцӕ ӕма гъӕунгӕмӕ рацудӕнцӕ.

– Ӕвӕдзи, ӕ кизги ин хъӕбӕр ке растудтан, уой фудӕй исхизтӕй ӕ тоги ӕлхъивдадӕ, кенӕдта уотӕ ӕвваст цӕмӕн фӕллӕгъуз ӕй ӕ уавӕр? – фӕрсӕгау бакастӕй Лези Асиатмӕ.

– Гъо, мӕнмӕ дӕр уотӕ фӕккастӕй… Уӕддӕр бабӕй мади зӕрдӕ… Хуарз бакодтан, ке ӕй растудтан, уомӕй. Кӕд сӕхебӕл ӕрходиуонцӕ… Сӕумицъӕхӕй, дан, фестуй… Гъоцитӕ радоцуй… Сӕ фагус син нихххафуй… Гъӕунги дуари рӕстӕ ниссӕрфуй… Куд нӕ! – сӕ ходун нӕбал уорӕдтонцӕ дууӕ синхаги. – Айфонмӕ дӕр ма ӕ хуссӕни хурруттӕй хуссуй… Уӕхӕн киндзӕ, ӕцӕгӕй, некӕдма ӕрцудӕй нӕ гъӕумӕ!..

## ИЗӔД ӔЙ?..

Мамег рагӕй ӕхе ӕстаугӕ адтӕй. Сӕрустур адтӕй ӕ биййонаг Зӕдуйӕй. Ӕмбӕлтти хӕццӕ фембӕлгӕй, нихӕсигадгӕй еу хатт ӕ уоси кой ӕнӕскӕнгӕ некӕд фӕцӕй. «Мӕнӕн мӕ хӕдзарӕмӕ изӕд ӕртахтӕй, изӕд!..» – райдайидӕ ӕ биййонаги ӕстаун.

Синхӕгтӕ ин е ’стауӕн дзубандитӕй истухстӕнцӕ. Еу изӕр синхӕгтӕ кӕми бадтӕнцӕ, уордӕмӕ ӕхе байста Мамег ӕма бабӕй син ӕ уоси ӕстаун райдӕдта:

– Нур мӕ биййонаг мӕйи бӕрцӕ курорти ӕй ӕма мӕмӕ мӕ хӕдзарӕ ревӕд кӕсуй. Мӕ изӕди къӕлеу бабӕй мӕмӕ тагъд ӕртӕхдзӕнӕй ӕма бабӕй мӕн дӕр хор ӕрбатавдзӕнӕй...

Е ’стауӕн дзубандитӕмӕ имӕ ӕхе нӕбал бауорӕдта синхи хестӕр Бекизӕ:

– Рӕсугъд ӕй дӕ биййонаг, уой зонӕн, фал ӕгъдауӕй ба куд ӕй?

– Ӕгъдауӕй… Ӕгъдауӕй дӕр ӕй неке рамолдзӕнӕй, – загъта ӕ бецъотӕ расӕрфгӕй Мамег. – Мӕнӕ мӕмӕ ӕзинӕ курортӕй ӕ хузӕ дӕр исӕрвиста. – Кӕсайтӕ, ке хӕццӕ уолӕфуй, еци силгоймӕгти ӕхсӕн куд бӕрӕг даруй, – ӕвдесуй сӕмӕ къарӕ.

– Мадта, зӕгъис, дӕ биййонагӕй хуӕрзӕгъдаугиндӕр а зӕнхӕбӕл нӕййес? – нӕуӕгӕй бабӕй имӕ ниуурдуг ӕй Бегизӕ.

– Уотӕ зӕгъӕн ес, ӕма нӕййес, – фӕццурд бабӕй ӕй Мамег.

– Мадта рахӕснӕ кӕнӕн?

– Табуафси.

– Цӕуӕн, ӕма курорти косгути бафӕрсӕн, дӕ биййонаг ӕхе уоми куд даруй, уой тухххӕй?

– Табуафси.

– Ку ӕй растауонцӕ, уӕд ӕз фус ӕвгӕрдун, – федарӕй загъта Бекизӕ. – Кӕд нӕ, уӕдта ду...

– Арази дӕн, – загъта сӕрустурӕй Мамег.

Дуккаг бон Тӕмискмӕ, Зӕду кӕми уолӕфтӕй, уордӕмӕ рандӕнцӕ Бекизӕ ӕма Мамег. Мамег еци хуӕрзарӕзтӕй, ӕ къохи ӕдергутӕ, уотемӕй бахизтӕй курорти азгъунститӕй еуей дуарӕй. Салам равардта дуаргӕсӕн. Ӕ дзиппӕй исиста Зӕду имӕ ци къарӕ ӕрӕрвиста, уой, ӕма имӕ ’й ӕвдесуй.

– Аци силгоймӕгтӕй еске зонис? – фӕрсуй ӕй ходгӕбилӕй Мамег.

– Сӕ еугурей дӕр.

– Хъӕбӕр хуарз... Мадта мин зӕгъай, се ’гъдау ба си сӕ еугуремӕй хуӕздӕр кӕмӕн ӕй?

Зӕронд уосӕ къарӕмӕ фӕккастӕй, уӕдта си е ’нгулдзӕй Зӕдумӕ райамудта.

– Фӕууидтай!.. Фӕууидтай, Бекизӕ!.. Нӕ дин загътон… Дӕ косӕрттаг ӕрӕвдзӕ кӕнӕ…

– Ӕма уӕддӕр е ’гъдау иннетӕй цӕмӕй хуӕздӕр ӕй? – бафарста ӕй Бекизӕ.

– Куд дин зӕгъон, – дзоруй дуаргӕс уосӕ. – Тагъд ӕ путевкӕ фӕуудзӕнӕй ӕма ’й ӕндӕр нӕлгоймаги хӕццӕ нӕма фӕууидтон. Алкӕддӕр ӕ лӕги хӕццӕ фӕууй, киномӕ цӕугӕй дӕр, театрмӕ дӕр, тезгъо кӕнуни рӕстӕги дӕр… Адӕймаг сӕмӕ кӕсунӕй не ’фсӕдуй. Ӕ лӕг дӕр хъӕбӕр ездон ӕй. Бӕрзонд, хуӕрзконд. Мӕнӕ минкъий раздӕр еумӕ рандӕнцӕ сӕ уатмӕ...

– Куд?!. Куд зӕгъис?!. Ӕ лӕги хӕццӕ?.. Циуавӕр лӕги хӕццӕ?! – ӕ гъӕлӕси дзурд дзӕбӕх нӕбал бадтӕй Мамегӕн.

– Ӕ лӕги хӕццӕ, мӕ хор, ӕ лӕги хӕццӕ, – Мамеги усхъӕ ӕрхуаста силгоймаг.

– Цӕуӕн, – мӕтъӕлӕй загъта Бекизӕ.

* * *

*Нӕ редакцион фӕсдзурди ба Черчести Хъасболатӕн ӕхемӕ дзорӕн:*

*– Дӕ уацау «Хор мегъти ауонӕй дӕр тавуй»-и хъайтартӕй еу уотӕ зӕгъуй: «Царди медӕгӕ алцидӕр ӕрцӕуй. Хатгай уотӕ дӕр фӕууй, ӕма хорбони арв дӕр ниннӕруй, фал уӕддӕр хор хор ӕй... Е нӕ мегъти ауонӕй дӕр фӕттавуй...»*

*Уотӕ нӕмӕ кӕсуй, ӕма аци гъуди, Хъасболат, раст дӕхе карни хабӕртти фӕдбӕл ӕй: адтӕй си арви гӕбар-губуртӕ дӕр, уазал тӕрккъӕвдатӕ дӕр, хъортӕ ӕма къахкъуӕрӕнтӕ дӕр... Фал си уӕддӕр фулдӕр ба хорӕхснад цийни бӕнттӕ адтӕй ӕма нерӕнгӕ дӕр ес. Ӕма, фиццагидӕр, ӕнцӕ дӕхе зӕрдихатти, дӕ рохсхӕссӕг ӕма нифсдӕттӕг исфӕлдистади фӕрци. Ӕма дин дӕ юбилейи фӕдбӕл арфӕ кӕнгӕй нӕ Исфӕлдесӕгӕй корӕн зӕрдрохсдзийнадӕ, дӕ биййонтӕ – уӕлдайдӕр ба дӕ кӕстӕртӕ – хорамондӕй хайгин куд уайтӕ!..*




**Черчести Хъасболат ӕма Цгъойти Хазби (фиццаг рӕнгъи – галеуӕрдигӕй рахесӕрдӕмӕ) ӕригон киунугӕкӕсгути хӕццӕ исфӕлдистадон фембӕлди рӕстӕг.**

**Номдзуд кӕсгон рохситауӕг ӕма ӕхсӕнадон архайӕг КЕШОКОВ Пшемахо Мирзабеки фурти (Кӕсӕг-Балхъари адӕмон финсӕг Алим Кешокови фидӕ) райгурдбӕл 17 сентябри ӕнхӕст кӕнуй фондз ӕма авдинсӕй анзи (1877-1937).**

*__ХЕТÆГКАТИ Геуæрги (1903-1975), æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр: «Æригон æфсæддон æнхæстæй ку балæдæра, æхемæ ке райста æма идарддæр ке хæссуй хестæр фæлтæрти тугъдон кадæ, айдагъдæр гъеуæд сæрбæрзондæй æма зæрдæхцæуæнæй æнхæст кæндзæнæй æ уæззау æфсæддон ихæс...»__*



# БÆЛАСÆ ТАЛАТÆЙ АРАЗУН ГЪÆУЙ!..

Мæнæ сæргондæн ци загъд нииввардтан, е нæмæ нæ рагфидтæлтæй æрбахъæрттæй. Æма цæйбæрцæбæл раст æй, уой æцæргдзийнадæн ба тæккæ хуæздæр æвдесæн – рæстæгутæ æма цаутæ. Нæ адæммæ табуйаг ка адтæй æма фæлтæрæй-фæлтæрмæ æнæмæнгæ æнхæстгонд ци берæ фарнæхæссæг æгъдæуттæ æма фæткитæ адтæй, уонæн сæ сæйрагдæртæй адтæй кæстæрти сауæнгæ сæ сабийдогæй гъомбæл кæнун – цæмæй фæххайгин уонцæ уоди кæдзосдзийнадæй, зæрди рæстадæй, раст зундирахастæй, цæмæй рабайлæгъ уонцæ, сæ ахил дæр æма си дзиллæ дæр боз куд уонцæ, уотемæй. Уæлдай æргом ба æздахтонцæ, цæмæй æновуд уонцæ Фидибæстæбæл, цæттæ уонцæ æ сæрбæлтау уодуæлдайæй бахъазауат кæнунмæ. Аци агъазиау гъуддаг æнхæст кæнунбæл еудазуг архайунæй, айгъайдæр, ихæсгин æнцæ бийнонтæ дæр, æхсæнадæ дæр æма паддзахадæ дæр. Раст зæгъгæй, уомæ советон доги зингæ æргом æздæхт цудæй – октябронти æма нæуæгдзаути организацити, фæскомцæдеси фæрци. Фал уæдмæ Советон Цæдес фехалдæй æма уоййадæбæл еци æгъдау дæр æрбасатар æй, уомæн æма «нæуæг цардиуагæ» аразгутæ зæранхæссæгбæл банимадтонцæ, советон цардарæзти уодварнонæй цидæриддæр адтæй, уони. Æма е цæйбæрцæбæл æнæраст миуæ адтæй, уой ба не ʻхсæнадæ фæстæдæр балæдæрдтæй. Хуарз æма æрискъидтан, кæстæрти уодварнон гъомбæлади фарстатæмæ бæлвурддæр æргом æздæхт цæуй. Ка ʻй зонуй, кæстæрти кæддæри еугæндтæ иснæуæг кæнун нæбал бантæстдзæнæй, фал арæзт цæуй уони æнгæс нуриккон еугæндтæ. Зæгъæн, дзиллон æзмæлд «Æригæнтти æфсад» («Юнармия»). Аци арфиаг гъуддаги ба ма фæззиндтæй еума хуарз фæткæ – æригон æфсæддонти æмархайæг иссæнцæ хуæрзсабийтæ дæр. Зæгъæн, æрæги Мæздæги рæвдауæндæнтти гъомбæлгæнуйнæгтæй исаразтонцæ æригон æфсæддонти агъазгæнгути къуар. Патриотон змæлд «Æригон æфсад»-бæл кæд дуккаг анз цæуй, уæддæр аллихузон медесгун мадзæлтти фæрци æнтæстгинæй æнхæстгонд цæуй ирæзгæ фæлтæри патриотон гъомбæлади медесгун программæ. Уæрæсей десантонти Цæдеси Мæздæггаг хайадæ ке исаразуй, æригон æфсæддонти агъазгæнгути къуари иуонгтæ. Еци дзиллон мадзæлтти еудадзуг архайунцæ.

Сабийтæ сæ зундамонгути хæццæ еумæ ветеранти бабæрæг кæнунцæ сахари, зæрдæбæлдарæн бунæттæ исфæлгонц кæнунцæ деденгутæй, ахур кæнунцæ æфсæддон æгъдæуттæ æнхæст кæнунбæл, ахур кæнунцæ рæнгъгай цудбæл.

– Дзубанди дæр ибæл нæййес, патриотизм адæми еугур фæлтæрти дæр алцæмæй дæр еу кæнуй. Бæсти десантонти Цæдеси Мæздæггаг хайади хæццæ æнгом бастдзийнæдтæ дарæн, æригон æфсæддонти агъазгæнгути къуар исараztан, – зæгъуй 9-аг рæвдауæндонæ «Казачок»-и разамонæг **Аллæ Симоненко**.

Æфсæддон службæгæнгутæ сабийтæн сæрмагонд уæледарæс балæвар кодтонцæ. Рæвдауæндонæ бабæрæг кæнгæй, æрæги десантонти Цæдеси активисттæ сувæллæнттæн патриотон гъомбæлади мадзæлтти рæстæг син исаразтонцæ берæ аллихузон фæткитæ, зæгъæн, тематикон викторинæ.

– Рæвдауæндони гъомбæлгæнуйнæгтæмæ бацæуæн æма син æфсæддон служби туххæй бæлвурд хабæрттæ ракæнæн. Патриотизм нæ бæсти ке ирæзуй, сувæллæнтти хæццæ нæ бастдзийнæдтæ уобæл дзорæг æнцæ, – зæгъуй амунд хайади активист **Зураб Мчедлидзе**.

## ИМИСÆН...



# ЕСЕНАТИ ТАЙМУРАЗ – УÆРÆСЕЙ БÆГЪАТÆР

**Уæрæсей Федераций Президенти Указмæ гæсгæ, хестæр сержант ЕСЕНАТИ Таймуразæн равардтонцæ Уæрæсей Бæгъатæри кадгин ном.**

Сæрмагонд тугъдон операций æнхæст кæнуни рæстæг æхсарæ æма лæгдзийнадæ равдесуни туххæй Уæрæсей Федераций Президенти Указмæ гæсгæ хестæр сержант, танки командир Есенати Таймуразæн равардтонцæ Уæрæсей Бæгъатæри кадгин ном.

Аци хабар Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** æ telegram-канали фегъосун кодта. Игъосункæнуйнаг куд амонуй, уотемæй хестæр сержант Есенати Таймурази бахастонцæ æбæрæгæй исæфт адæми номхигъдмæ, бæсти Гъæуайкæнуйнади министрадæ хуæрзеуæг ба ратдзæнæй æфсæддон службæгæнæги хеуæнттæн.

«Аст анзей дæргъи Украини разамунд ке æфхуардта, нуртæккæ не ʻфсæддон службæгæнгутæ еци адæми, уæдта нæ Райгурæн бæсти арæнти æдасдзийнадæ уодуæлдайæй гъæуай кæнунцæ. Бæгъатæрдзийнадæ æвдесæг æфсæддонтæн – арфæ!», – ниффинста региони разамонæг.

## АДÆЙМАГÆН Æ ЛÆГИГЪÆДÆ ЛÆГÆВЗАРÆН ГЪУДДАГИ РАБÆРÆГ УЙ!..

# ÆФСÆДДОН ИСУН УИ КЕ ФÆНДУЙ, ТАБУАФСИ...




***Цæгат Иристони æфсæддон комиссариадæ куд игъосун кæнуй, уотемæй Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг тухтæмæ æмæ æфсæддон службæмæ есуй граждæнти контрактон бардзурд бафинсуни бундорбæл.***

Ист цæунцæ граждæнтæ 18 анземæй 60 анзей уæнгæ, æнæнез æма психотерапевтон диспансери номхигъди ка нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ адтæй, феддонтæ кæмæн нæййес, уæхæн адæймæгути.

Фист син цæудзæнæй 200000 мин соми æма урухдæргонд социалон пакет. Бацæуæн ес, ци рауæн цæретæ, уоми æфсæддон комиссарадмæ, кенæдта, æфсæддонти контракт бафинсуни бундорбæл кæми есунцæ, еци æвзарæн пунктмæ. Бадзорæн ес телефонæй:
**8 (8672) 25-68-92, 8 (8672) 76-83-75**.

Контракт куд бафинсæн ес, контрактон служби граждæнтæн ци домæнтæ хауй, уой туххæй базонæн ес сæрмагонд тугъдон операций архайæги бæрæгуати (справочник).

Уоми ма базонæн ес, тугъдон архæйдтити ветерани æвдесæндар куд ес, циуавæр агъазтæ син ес сæрмагонд операций архайгутæн Уæрæсей Федераций Президенти Указ №98-мæ гæсгæ (еугур сæрмагонд операций æфсæддон службæгæнгутæ æма категоритæн). Лæмбунæгдæр ма базонæн ес мæмæ аци сайти «СО» **http://sevosetia**.

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№ 1861.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 13.09.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 13.09.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ʼрветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**